The Republic of Zimbabwe

Nyika yeZimbabwe

*Ministry of Youth, Sport, Arts and Recreation*

# Chibvumirano chekuchengetedza nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki

United Nations
Educational, Scientific and
Cultural Organization

Intangible
Cultural
Heritage

The Republic of Zimbabwe

Nyika yeZimbabwe

# Chibvumirano chekuchengetedza nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki

United Nations
Educational, Scientific and
Cultural Organization

Intangible
Cultural
Heritage

*Ministry of* Youth, Sport, Arts and Recreation
Department of Arts and Culture Promotion and Development
20th Floor Mukwati Building
Harare
ZIMBABWE

Email: info@moysar.gov.zw
www.moysar.gov.zw
Telephone:  +263-2708373

Published by: Zimbabwe Government, 2019
Translated by: Masowa Angeline
University of Zimbabwe, Department of African Languages and Literature,
P.O. Box MP167, Mt. Pleasant, Harare

## Zviri mukati

**Chibvumirano chekuchengetedza nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki** ...... 7

**I. Zvisungo** ...... 10

**Chikamu 1- Zvinangwa zveChibvumirano Chino** ...... 10

**Chikamu 2- Tsananguro dzemazwi** ...... 10

**Chikamu 3- Ukama nemimwe mitemo yenyika dzakasiyana-siyana** ...... 12

**II. Nhengo dzeChibvumirano** ...... 12

**Chikamu 4- Sangano Rinoona neZvemashandiro eChibvumirano Chino reNyika Dzakapinda Muchibvumirano** ...... 12

**Chikamu 5- Komiti yeNyika Dzakasiyana-siyana yezveKuchengetedzwa kweNhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki** ...... 13

**Chikamu 6- Kusarudzwa uye kureba kwenguva yekubata chigaro kweNyika Dzinenge Dziri Nhengo dzeKomiti** ...... 13

**Chikamu 7- Mabasa eKomiti** ...... 14

**Chikamu 8- Mashandiro eKomiti** ...... 15

**Chikamu 9- Kubvumirwa kushanda/kupihwa mvumo kwemasangano anopa mazano** ...... 16

**Chikamu 10- Chikamu chanaMabharani** ...... 16

**III. Kuchengetedza nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki senyika** ...... 16

**Chikamu 11- Basa reNyika Dzakapinda Muchibvumirano Chino** ...... 16

**Chikamu 12- Magwaro Anoratidza Uwandu hweZvinhu** ...... 17

**Chikamu 13- Mamwe matanho ekuchengetedza** ...... 17

**Chikamu 14- Dzidziso, kuwedzera ruzivo rwunenge rwuine vanhu uye kutsigira nezvekushandisa** ...... 18

**Chikamu 15- Kupinda Mumabasa eKuchengetedza nhaka yezvetsika kwevagari vemumatunhu, mapoka uye vanhuwo zvavo** ...... 19

**IV. Kuchengetedzwa kwenhaka yezvetsika kunoitwa nenyika dzakasiyana-siyana** ...... 19

**Chikamu 16- Muunganidzwa weNhaka yezvetsika neMagariro eVanhu Zvisingabatiki** .... 20

**Chikamu 17- Muunganidzwa weNhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki Uyo Unoda Kuchengetedzwa neKukurumidza** ...... 20

**Chikamu 18- Zvirongwa, mapurojekiti uye mabasa ekuedza kuchengetedza nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki** ...... 21

**V. Kushandira pamwe kwenyika dzakasiyana-siyana nekubatsirana** ...... 21

**Chikamu 19- Kushandira pamwe** ...... 21

**Chikamu 20- Zvinangwa zverubatsiro rwunopiwa kunyika dzakasiyana-siyana**................ 22
**Chikamu 21: Mhando dzerubatsiro runopiwa kunyika** ........................................................ 22
**Chikamu 22- Zvinhu zvinotariswa kuti pazopiwa rubatsiro runopiwa kunyika dzakasiyana-siyana** ........................................................................................................ 23
**Chikamu 23- Zvikumbiro zvekutsvaga rubatsiro runopiwa nyika dzakasiyana-siyana** ..... 23
**Chikamu 24- Basa reNyika Dzakapinda muChibvumirano Chino dzinenge dzichiwaniswa rubatsiro**................................................................................................................ 24
**VI. Homwe yeNhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki** .................................... 24
**Chikamu 25- Mamiriro uye zviri muHomwe iyi**.................................................................... 24
**Chikamu 26- Mari Dzinobviswa neNyika Dzakapinda Muchibvumirano Chino kuHomwe** ............................................................................................................................ 26
**Chikamu 27- Dzimwe mari dzinobviswa neNyika nekuzvipira kwadzo kuHomwe**............ 27
**Chikamu 28- Nzira dzekutsvaga mari yekubatsira Nyika dzakasiyana-siyana**.................... 27
**VII. Mashoko Anoturirwa**....................................................................................................... 27
**Chikamu 29- Mashoko anoturirwa neNyika Dzakapinda muChibvumirano Chino** ........... 27
**Chikamu 30- Mashoko anoturirwa neKomiti** ........................................................................ 28
**VIII. Chikamu chinoratidza shanduko**.................................................................................... 28
**Chikamu 31- Ukama neTsananguro yeZvinhu Zvakanakisisa Zvinoita Zvekutaurwa uye Nhaka yezveMuupenyu hweVanhu yeZvinhu Zvisingabatiki**............................................... 28
**IX. Zvikamu zvekupedzisira** .................................................................................................. 28
**Chikamu 32- Kubvumira, kutambira kana kupa mvumo** ..................................................... 28
**Chikamu 33- Kutanga kushanda**............................................................................................ 29
**Chikamu 34- Kutanga kuva nesimba**...................................................................................... 29
**Chikamu 35- Nyika dzine utongi hwemapazi akawanda asiri pasi pehurumende imwe chete** .............................................................................................................................. 30
**Chikamu 36- Kupikisa zviri pachena nekuratidza panenge paine zvisina kunaka**.............. 30
**Chikamu 37- Basa rekuchengeta Chibvumirano Chino** ....................................................... 31
**Chikamu 38- Gadziridzo** ........................................................................................................ 31
**Chikamu 39- Magwaro achange aine simba** ......................................................................... 32
**Chikamu 40- Kunyoreswa**...................................................................................................... 32

# Chibvumirano chekuchengetedza nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki

Paris, 17 Gumiguru 2003

Musangano Mukuru Unobata Nyaya Dzakasiyana-siyana weBazi rinoona nezveDzidzo, Sainzi, Tsika nemagariro evanhu muSangano remubatanidzwa wenyika dzepasi rose (*United Nations Educational, Scientific and Cultural Organisation)*, richadaidzwa mugwaro rino kunzi 'UNESCO', wakaitwa muguta reParis kubvira musi wa17 Gunyana kusvika musi wa17 Gumiguru 2003, pamusangano wayo wechimakumi matatu nekaviri,

**Uchikurukura** nezvezvisungo zvagara zviripo zvenyika dzepasi rese yekodzero dzevanhu, kunyanya Chibvumirano Chenyika dzepasi rose cha1948 chekodzero dzevanhu (*Universal Declaration on Human Rights* of 1948), Chibvumirano chenyika dzepasi rose chekodzero dzezvemari, mararamiro evanhu pamwechete netsika nemagariro cha1966 (*International Covenant on Economic, Social and Cultural Rights of 1966),* uyewo Chibvumirano chenyika dzepasi rose chekodzero dzevanhu nedzenyaya dzematongerwo enyika cha1966 (*International Covenant on Civil and Political Rights of 1966)*.

**Uchitarisa** kukosha kwenhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki, sechinhu chakakosha pakuratidza kusiyana kwetsika uye kukosha kwayo pakuunza budiriro, sezvinosimbiswa mugwaro reHurudziro yeUNESCO yekuchengetedza tsika dzepasichigare nemagariro evanhu nengano dzamatambidzanwa yakaitwa muna1989 (*UNESCO Recommendation on the Safeguarding of Traditional Culture and Folklore* of 1989), muChisungo che*UNESCO* chezvibvumirano zvekusiyana kwetsika nemagariro evanhu zvenyika dziri musangano reUNESCO zva2001 *(Universal Declaration on Cultural Diversity of 2001*), zvekare muChisungo che*Istanbul Declaration* chemugore ra2002 izvo zvakatambirwa neSangano reMakurukota ezveTsika reMusangano weChitatu wevamiririri wetsika nemagariro *(Third Round Table of Ministers of Culture)*,

**Uchitarisa** kudyidzana kwakasimba kuripo pakati penhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki nenhaka yezvetsika nemagariro evanhu inobatika pamwechete nezvisikwa zvinobatika,

**Uchikoshesa** kuti kudyidzana kwenyika dzepasi rose pasinganyanyokosheswi miganhu uye shanduko mune zveupenyu hwevanhu, pamwe chete nezvimiro zvazvinounza mukuedza kuumba mukana wenhaurirano pakati pematunhu, zvinowedzera mikana, sezvinongoitawo nyaya yekusagamuchira maonero evamwe vane pfungwa dzakasiyana nesu, yekutsakatika, kupera uye

kuparara kwenhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki, kunyanya kana pasina zvekushandisa zvinodiwa pakuchengetedzwa kwenhaka yerudzi urwu,

**Uchiziva chido** chine nyika dzepasi rese uye shuviro yenyika dzese yekuchengetedza nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki yakanangana neraramo,

**Uchicherechedza** kuti vagari vemumatunhu, kunyanya varidzi venzvimbo, mapoka, uye, pane dzimwe nguva, vanhu vakazvimirira vega, vanoita basa rakakoshesesa mukugadzira, kudzivirira kuparara, kuchengetedza uye kugarovandudza nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki. Izvi zvinobatsira pakupfumisa nyaya yekusiyana kwetsika uye kuratidza unyanzvi hwevanhu hwekubuda nezvinhu zvitsva,

**Uchiona** kukosha mune ramangwana kwemabasa eUNESCO mukugadzira magwaro anozotevedzwa pakudzivirira kuparara kwenhaka yezvetsika, kunyanya Chibvumirano chekuchengetedzwa kwetsika nemagariro enyika dzepasi rose pamwechete nezvisikwa, cha 1972 (*Convention for the Protection of the World Cultural and Natural Heritage of 1972)*,

**Uchiona** zvekare kuti hapasati pave nemutemo/chibvumirano chenyika dzakasiyana siyana chinogadzirwa nenyika dzese chezvekuchengetedzwa kwenhaka yezvetsika,

**Uchitarisa** kuti zvibvumirano zvenyika dzakawanda zviripo parizvino, hurudziro uye zvisungo zvakaitwa zvekugadzirisa zvinetswa pamusoro pezvenhaka yezvetsika uye nhaka yezvinhu zvisina kugadzirwa nevanhu zvinoda kuti zvinyatsovandudzwa uye zvibatsiridzwe kuburikidza nemitemo mitsva ine chekuita nenhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki,

**Uchitarisa** kukosha kwekudzidzisa vanhu zvakanyanya, kunyanya mazera echidiki, pamusoro pekukosha kwenhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki uye kuti zvakakosherei kuti zvichengetedzwe,

**Uchitarisa** kuti pasi rese rinofanira kuva nechekuita, pamwechete neNyika Dzakapinda muChibvumirano Chino, panyaya yekuchengetedzwa kwenhaka iyoyi nenzira yekushanda pamwe chete uye kubatsirana,

**Uchirangarira** zvirongwa zveUNESCO zvine chekuita nenhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki, kunyanya chirongwa che*Proclamation of Masterpieces of the Oral and Intangible Heritage of Humanity,*

**Uchitarisa** kukoshesesa kwebasa renhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki sechinhu chakakosha mukubatanidza vanhu nekuona kuti vakwanisa kudyidzana nekunzwisisana pachavo,

**Wakatambira** Chibvumirano Chino nemusi wa17 Gumiguru 2003.

## I. Zvisungo

### Chikamu 1- Zvinangwa zveChibvumirano Chino

Zvinangwa zveChibvumirano Chino ndezvinoti:

a. kuchengetedza nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki;

b. kuona kuti pava neruremekedzo rwenhaka yezvetsika zvemumatunhu, zvemapoka kana zvevanhu vanenge vari kutaurwa nezvavo;

c. kuwedzera ruzivo padanho redunhu, renyika uye renyika dzakasiyana-siyana pamusoro pekukosha kwenhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki, uye kuona kuti vanhu vakwanise kunzwisisa maitirwo etsika nevamwe;

d. kuumba mikana yekuti nyika dzikwanise kudyidzana uye kubatsirana.

### Chikamu 2- Tsananguro dzemazwi

MuChibvumirano Chino,

1. 'Nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki' zvinoreva maitiro, mitauro, maratidzikiro, ruzivo, unyanzvi - pamwe chete nezvekushandisa, zvinhu, midziyo uye nharaunda dzine chekuita nezvetsika zvinodyidzana pakushanda kwazvo- izvo zvinotorwa sechikamu chenhaka yezvetsika nevagari vemumatunhu, mapoka evanhu kana, pane dzimwe nguva, nevanhu pachavo. Nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki iyi ndeyematambidzanwa kubva kurudzi urwu kuenda kune rwunotevera inogara ichimutsidzirwa nevagari vemumatunhu pamwe chete nemapoka evanhu zvichienderana nezvavanosangana nazvo munharaunda dzavagere, kudyidzana kwavo nezvakasikwana Mwari zvinowanikwa munharaunda uye nhoroondo yavo sevanhu. Izvi zvinovapa rupawo uye tariro yekufambira mberi neupenyu zvichikurudzirawo kuremekedzwa kwekusiyana kwetsika uye unyanzvi hwevanhu hwekubuda nezvinhu zvitsva.

MuChibvumirano Chino, muchangonangwa chete kunhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki iyi sezvinoenderana nezvisungo zviripo zvinobata nyika dzakawanda yezvekodzero dzevanhu, pamwe chete nezvinodiwa kuti pave nekuremekedzana pakati pevagari vemumatunhu akasiyana-siyana, mapoka uye vanhuwo zvavo uye zvebudiriro.

2. 'Nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki' sekutsanangurwa kwayo mundima 1 pamusoro, inoonekwa muzvikamu zvinotevera:

   a. Nhoroondo dzinotambidzanwa kubva kurudzi zvichienda kune rumwe rudzi uye mitauro, kusanganisira mutauro sechombo chinogukuchira nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki;

   b. mitambo;

   c. zvinhu zvinoitwa muupenyu, mabira uye makungano ekupemberera;

   d. ruzivo uye maitiro ane chekuita nezvezvinhu zvakasikwa naMwari uye zvemunyika sekusikwa kwayo;

   e. umhizha hwepasichigare.

3. 'Kuchengetedza' zvinoreva matanho anotorwa nechinangwa chekuona kuti nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki zvashanda zvakanaka, kusanganisira kukwanisa kuiziva, kuinyora pasi, kuita tsvagurudzo pamusoro payo, kuichengetedza, kuidzivirira kuti isaparadzwe, kuikurudzira, kuivandudza, kuona kuti yatambidzanwa, kuburikidza nedzidzo yemuzvikoro kana isiri yemuzvikoro chete, pamwe chete nekumutsidzirwa kwezvinhu zvakasiyana-siyana zvenhaka iyi.

4. 'Nyika Dzakapinda Muchibvumirano' zvinoreva Nyika dzinobatwa neChibvumirano Chino uye Chibvumirano Chino chinoshanda munyika idzi.

5. Chibvumirano Chino chinoshanda zvakafanana munzvimbo dziri kutaurwa nezvadzo muchikamu 33 idzo dzinova Zvikamu zveChibvumirano chino pachitevedzwa zvinhu zvinofanira kuzadzikiswa zvakatsanangurwa muChikamu ichocho. Nekuda kwaizvozvo mashoko ekuti 'Nyika Dzakapinda Muchibvumirano' anorevawo matunhu iwayo.

### Chikamu 3- Ukama nemimwe mitemo yenyika dzakasiyana-siyana

Hapana chinhu chiri muChibvumirano Chino chinokwanisa kutorwa sekuti chiri:

a. kushandura mamiriro ezvinhu kana kudzikisa maitirwe enzira dzekudzivirirwa pasi peChibvumirano che*1972 Convention concerning the Protection of the World Cultural and Natural Heritage of World Heritage properties* umo munonzi chinhu chenhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki chine chekuita nezvinotsanangurwamo; kana

b. kukanganisa kodzero uye zvinosungirwa Nyika Dzakapinda muChibvumirano Chino kuti dziite zvinobva pane upi zvawo mutemo wenyika dzakasiyana-siyana une chekuita nekodzero dzezvezvinhu zvakaitwa neimwe nyika kana kushandiswa kwezvinhu zvipenyu pamwe chete nezvinowanikwa munharaunda.

## II. Nhengo dzeChibvumirano

### Chikamu 4- Sangano Rinoona neZvemashandiro eChibvumirano Chino reNyika Dzakapinda Muchibvumirano

1. Sangano Rinoona neZvemashandiro eChibvumirano Chino reNyika Dzakapinda Muchibvumirano Chino richaumbwa, uye richadaidzwa kunzi 'Sangano Rinoona neZvemashandiro eChibvumirano Chino' mugwaro rino. Sangano Rinoona neZvemashandiro eChibvumirano Chino ndiro sangano repamusorosoro rinoona nezvemashandiro eChibvumirano chino.

2. Sangano Rinoona neZvemashandiro eChibvumirano Chino rinosungirwa kusangana mumusangano wakagara uri muurongwa hweSangano iri mumakore maviri ega ega. Rinokwanisa kusangana mumusangano unenge une zvakakosha zvinoda kukurukurwa nechimbichimbi kana rafunga kuita izvi kana kuti kana paitwa chikumbiro chekuita izvi neKomiti yeNyika Dzakasiyana-siyana yezveKuchengetedzwa kweNhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki kana kuti rakumbirwa kuita izvi neZvikamu Zvinopfuura chimwe chete kubva muzvitatu zveNyika Dzakapinda muChibvumirano.

3. Sangano Rinoona neZvemashandiro eChibvumirano Chino richadzika Mitemo yeMafambisirwo eBasa.

## Chikamu 5- Komiti yeNyika Dzakasiyana-siyana yezveKuchengetedzwa kweNhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki

1. Komiti yeNyika Dzakasiyana-siyana yezveKuchengetedzwa kweNhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki, ichadaidzwa kunzi 'Komiti' mugwaro rino, ichaumbwa muUNESCO. Ichange yakaumbwa nevamiriri gumi nevasere veNyika Dzakapinda muChibvumirano Chino avo vanenge vasarudzwa mumusangano weNyika Dzakapinda Muchibvumirano Chino muSangano Rinoona neZvemashandiro eChibvumirano Chino, kana Chibvumirano Chino changotanga kushanda pachitevedzwa zviri muChikamu 34.

2. Uwandu hweNhengo dzinomiririra Nyika Dzichaumba Komiti iyi huchawedzerwa kusvika kumakumi maviri neina kana uwandu hweNyika Dzakapinda muChibvumirano Chino hwasvika pamakumi mashanu.

## Chikamu 6- Kusarudzwa uye kureba kwenguva yekubata chigaro kweNyika Dzinenge Dziri Nhengo dzeKomiti

1. Kusarudzwa kweNyika Dzinenge Dziri Nhengo dzeKomiti dzichacherechedza zvisungo zvekuenzaniswa kwemikana pachitariswa kumiririrwa kwenzvimbo dzinowanikwa nyika idzi uye madzoro ekupinda pachinzvimbo.

2. Nyika Dzinenge Dziri Nhengo dzekomiti dzichasarudzwa kwechikamu chemakore mana nemusangano weNyika Dzakapinda Muchibvumirano Chino muSangano Rinoona neZvemashandiro eChibvumirano Chino.

3. Kunyange zvakadaro, nguva yekubata chigaro yechikamu cheNyika Dzinenge Dziri Nhengo dzeKomiti dzinenge dzasarudzwa pasarudzo dzekutanga haipfuuri makore maviri. Nyika idzi dzichangosarudzwa nenzira yekukandira mijenya pasarudzo dzekutanga.

4. Mukati memakore maviri ega ega, Sangano Rinoona neZvemashandiro eChibvumirano Chino richapazve mukana kuchikamu cheNyika Dzinenge Dziri Nhengo DzeKomiti kuti dzirambe dziri nhengo zvekare.

5. Richasarudza zvekare Nyika Dzichazova Nhengo dzeKomiti dzakawanda dzingadiwa kuti dzitore zvinzvimbo zvinenge zvasiyiwa zvisina vanhu.

6. Nyika Inenge Iri Nhengo yeKomiti haikwanisi kusarudzwa kaviri kakateverana kuti ibate chigaro.

7. Nyika Dzinenge Dziri Nhengo dzeKomiti dzinosarudza vanhu vanodzimiririra vanenge vakadzidzira basa muzvikamu zvakasiyana-siyana zvenyaya yenhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki.

## Chikamu 7- Mabasa eKomiti

Pasina kukanganisa mamwe masimba ayakapiwa neChibvumirano Chino, mabasa eKomiti achange ari:

a. ekukurudzira zvinangwa zveChibvumirano Chino, uye kukurudzira nekuona kuzadzikiswa kwacho;

b. ekuwanisa mazano enzira dzakanaka dzemaitirwe uye kupa hurudziro yematanho ezvingaitwa mukuedza kuchengetedza nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki;

c. ekunyora pasi nekukumikidza gwaro rinotsanangura mashandisirwo ezvekushandisa zveHomwe kuSangano Rinoona neZvemashandiro eChibvumirano Chino kuti zvipiwe mvumo yekushanda zviri pamutemo pachitevedzwa zvinotsanangurwa muChikamu 25;

d. kutsvaga nzira dzekuwedzera zvekushandisa uye kutora matanho akakodzera kuti izvi zviitike, pachitevedzwa zvinotsanangurwa muChikamu 25;

e. kunyora pasi nekukumikidza gwaro rinotsanangura zvichaitwa mukuedza kuona kuti Chibvumirano Chino chashanda zvakanaka kuSangano Rinoona

neZvemashandiro eChibvumirano Chino kuti zvibvumidzwe kushanda zviri pamutemo;

f. kuongorora, sezvinotsanangurwa muChikamu 29, mashoko anenge akumikidzwa neNyika Dzakapinda Muchibvumirano, uye kuzvipfupisa kuitira Sangano Rinoona neZvemashandiro eChibvumirano Chino;

g. kuongorora zvikumbiro zvinenge zvakumikidzwa neNyika Dzakapinda Muchibvumirano Chino uye kuzviongorora pachishandiswa nzira dzinenge dzagadzirwa neKomiti uye dzikabvumidzwa kushanda zviri pamutemo neSangano Rinoona neZvemashandiro eChibvumirano Chino pamusoro:

   (i) pezvinonyorwa pamagwaro emuunganidzwa wezvinhu uye pfungwa dzinokumikidzwa dzakatsanangurwa muZvikamu 16, 17 ne18;

   (ii) pekupiwa kwerubatsiro rwunopiwa nyika dzakasiyana-siyana spachitevedzwa zvinotsanangurwa muChikamu 22.

## Chikamu 8- Mashandiro eKomiti

1. Komiti ichange ichishanda iri pasi peSangano Rinoona neZvemashandiro eChibvumirano Chino. Ichange ichizivisa Sangano iri pane zvose zvainenge ichiita uye zvose zvainenge yasarudza kuita.

2. Komiti ichagadzira Mitemo yeMafambisirwo eBasa rayo kana ikangotsigirwa nezvikamu zviviri kubva muzvitatu zveNhengo dzayo.

3. Komiti inokwanisa kuumba, kwechinguva chidiki, chero ripi zvaro sangano rainenge yafunga kuti rakakosha pakuita kuti ikwanise kushanda zvakanaka.

4. Komiti inokwanisa kudaidza kumisangano yayo chero api zvawo masangano ehurumende kana anoshanda akazvimirira ega, pamwe chete nevanhuwo zvavo vane ruzivo rwunozikanwa muzvikamu zvakasiyana-siyana zvenhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki kuitira kuti ikwanise kutsvaga mazano kwavari pane zvimwe zvinhu zvakatsaukana.

## Chikamu 9- Kubvumirwa kushanda/kupihwa mvumo kwemasangano anopa mazano

1. Komiti ichakumbira kuSangano Rinoona neZvemashandiro eChibvumirano Chino kuti masangano anoshanda akazvimirira ega ayo ane ruzivo rwunozikanwa kuti aongororwe nechinangwa chekuti abvumirwe kushanda zviri pamutemo muchikamu chezvenhaka yezvetsika zvisingabatike kuti akwanise kushanda achipanga mazano kuKomiti.

2. Komiti ichapawo Sangano Rinoona neZvemashandiro eChibvumirano Chino nzira uye maitirwe angaitwa basa iri rekuongorora masangano aya nechinangwa chekuapa mvumo yekushanda neKomiti.

## Chikamu 10- Chikamu chanaMabharani

1. Komiti ichazenge ichibatsirwa neChikamu chanaMabharani veUNESCO.

2. Chikamu chanaMabharani chichanyora pasi magwaro eSangano Rinoona neZvemashandiro eChibvumirano Chino uye eKomiti, pamwe chete nezvinhu zvichakurukurwa mumisangano yavo uye ichafanira kuona kuti pfungwa dzachinenge chabuda nadzo dzaitwa here.

# III. Kuchengetedza nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki senyika

## Chikamu 11- Basa reNyika Dzakapinda Muchibvumirano Chino

Nyika Yakapinda muChibvumirano Chino yega yega:

a. ichatora matanho akakodzera ekuona kuti nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki iri munyika mayo yachengetedzeka;

b. kukwanisa kuona uye kutsanangura mhando dzakasiyana-siyana dzenhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki zvinowanikwa munyika mayo, pakati pematanho ekuchengetedza zvinhu anotaurwa nezvawo muChikamu 2, ndima 3, ichibatsirana nevagari vemumatunhu, mapoka uye masangano anoshanda akazvimirira ega akakodzera.

## Chikamu 12- Magwaro Anoratidza Uwandu hweZvinhu

1. Kuti zvikwanisike kuzivikanwa nechinangwa chekuti zvigozokwanisa kuchengetedzwa, Nyika Yakapinda muChibvumirano Chino yega yega ichanyora pasi, nenzira inoenderana nechimiro chayo, uwandu hwenhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki inowanikwa mumatunhu ayo. Magwaro anoratidza uwandu hwezvinhu aya anofanira kuwedzerwa nekubviswa zvimwe zvinhu nguva nenguva.

2. Pese panokumikidzwa mashoko kuKomiti neimwe neimwe yeNyika Dzakapinda muChibvumirano Chino panguva dzakatarwa, sekutsanangurwa kwazvo muChikamu 29, inosungirwa kupa mashoko akakodzera ari pamusoro pemagwaro anoratidza uwandu hwezvinhu aya.

## Chikamu 13- Mamwe matanho ekuchengetedza

Kuti pakwanisike kuchengetedzeka, kubudirira uye kukurudzirika kwenhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki zvinowanikwa munharaunda dzayo, Nyika Yakapinda muChibvumirano Chino yega yega inofanira:

a. kutambira mutemo unobata zvinhu zvakasiyana-siyana wakanangana nekukurudzira basa renhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki munharaunda; uye nekubatanidza mabasa ekuchengetedza nhaka iyi muzvirongwa zvekuronga maitirwo emabasa.

b. kusarudza sangano rimwe chete kana akawanda anokwanisa kushanda zvakanaka kana kuumba sangano rimwe chete kana akawanda anokwanisa kushanda zvakanaka panyaya yekuchengetedza nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki zvinowanikwa mumatunhu ayo;

c. kukurudzira kuti kuitwe zvidzidzo zvesainzi, umhizha nemabasa emaoko nezvemitambo, pamwe chete nenzira dzekuitwa kwetsvagurudzo, nechinangwa chekukwanisa kunyatsochengetedza nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki nemazvo, kunyanya nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki inenge iri panjodzi yekuparara;

d. kutambira matanho akakodzera ezvemitemo, eumhizha nemabasa emaoko, ekutungamirira kufambiswa kwemabasa uye ezvemari akanangana:

(i) nekukurudzira kuvambwa kana kusimbaradzwa kwemasangano ekudzidzisa mabasa mune zvekutungamirira kufambiswa kwemabasa ekuchengetedzwa kwenhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki uye kutambidzana kwenhaka iyi kuburikidza nekuwanisa zvikuva nemikana yakanangana nekuratidzwa kwenhaka iyi;

(ii) nekuona kuti nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki yakwanisa kuonekwa asi pachiremekedzwa maitiro emutsika anoshandiswa pakusvikirika kuti zvionekwe kwezvimwe zvinhu zvenhaka iyi nevanhu;

(iii) nekuumba masangano anonyora pasi zvenhaka yezvetsika zvisingabatiki uye kuita kuti nhaka iyi ikwanise kusvikirika kuti ionekwe.

## Chikamu 14- Dzidziso, kuwedzera ruzivo rwunenge rwuine vanhu uye kutsigira nezvekushandisa

Nyika Yakapinda muChibvumirano Chino yega yega inofanira, nenzira dzese dzakakodzera:

a. kuona kuti nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki yacherechedzwa, yaremekedzwa uye yakurudzirwa, zvikuru sei kuburikidza:

(i) nezvirongwa zvekudzidzisa, zvekuwedzera ruzivo rwunenge rwuine vanhu uye zvekupakurira vanhu ruzivo, zvakanangana neruzhinji rwevanhu, kunyanya vechidiki;

(ii) zvirongwa zvakatsaurwa zvakanangana nechinhu chimwe chete zvekudzidzisa nekupa ruzivo mumatunhu uye mumapoka ane chekuita nenyaya iyi;

(iii) zvirongwa zvekutsigira nekuwanisa zvinodiwa pakuita basa rekuchengetedza nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki, kunyanya tsvagurudzo yezvekutungamirirwa kwemabasa uye yezvesainzi; uye

(iv) dzimwe nzirawo dzekupakurirana ruzivo;

b. kugara ruzhinji rwakaziviswa nezvezvinhu zvinokanganisa nhaka iyi, uye nezvezvinhu zvinoitwa mukuedza kutevedza Chibvumirano chino;

c. kukurudzira dzidziso pamusoro pekuchengetedzwa kwenzvimbo dzakangosikwa naMwari dzisina kugadzirwa nevanhu uye nzvimbo dzinochengetedza nhoroondo yevanhu idzo dzinofanira kuvapo kuitira kuti nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki ikwanise kuratidzirwa.

### Chikamu 15- Kupinda Mumabasa eKuchengetedza nhaka yezvetsika kwevagari vemumatunhu, mapoka uye vanhuwo zvavo

Maringe nemabasa ayo ekuchengetedza nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki, Nyika Yakapinda muChibvumirano Chino yega yega inofanira kuona kuti vagari vemumatunhu nemapoka, uye pese pazvakafanira, vanhuwo zvavo, vagadzira, vachengetedza uye vazivisawo vamwe nezvenhaka iyi, uye kuvapinzawo zvakanyanya mumabasa ekuchengetedzwa kwenhaka iyi.

## IV. Kuchengetedzwa kwenhaka yezvetsika kunoitwa nenyika dzakasiyana-siyana

## Chikamu 16- Muunganidzwa weNhaka yezvetsika neMagariro eVanhu Zvisingabatiki

1. Nechinangwa chekuda kuona kuti nhaka yezvetsika zvisingaonekwi yaonekera zviri nani uye kuzivikanwa kwekukosha kwayo, uye kukurudzira nhaurirano inoremekedza kusiyana kwetsika, Komiti, painongowanira mashoko kubva kuNyika Dzakapinda muChibvumirano Chino dzine chekuita nenyaya iyi, inobva yangoumba, kuchengeta gwaro rine mashoko ose uye kuburitsa Muunganidzwa weZvose Zvinonzi Nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki Zvinowanikwa Muupenyu hweVanhu.

2. Komiti ichafanira kubuda neurongwa pamwe nekukumikidza kuSangano Rinoona neZvemashandiro eChibvumirano Chino nzira dzekuumba, kuwedzera mamwe mashoko matsva pese paanenge awanikwa uye kuburitswa kweMuunganidzwa uyu kuti ripe mvumo yekuti ushande zviri pamutemo.

## Chikamu 17- Muunganidzwa weNhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki Uyo Unoda Kuchengetedzwa neKukurumidza

1. Nechinangwa chekutora matanho akakodzera ekuchengetedza, Komiti ichaumba, ichachengeta pamwe nekuburitsa Muunganidzwa weNhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki Une Zvinhu Zvinoda Kuchengetedzwa Nekukurumidza une zvose zvinodiwa, uye ichanyora muMuunganidzwa uyu nhaka iyi kana paitwa chikumbiro neNyika Yakapinda muChibvumirano Chino ine chekuita nenyaya iyi.

2. Komiti ichafanira kugadzira urongwa hwenzira dzinoshandiswa pakuumba, kuwedzera zvinhu zvitsva pese pazvinenge zvawanikwa uye kubudisa Muunganidzwa uyu yozokumikidza kuSangano Rinoona neZvemashandiro eChibvumirano Chino kuti ripe mvumo yekuti urongwa uhu hushande zviri pamutemo.

3. Panyaya dzinenge dzichinyanyoda kuongororwa nekukurumidza- nzira ichazenge ichifanira kunge yabvumirwa kushandiswa zviri pamutemo neSangano Rinoona neZvemashandiro eChibvumirano Chino kana Komiti ichinge yaisa chikumbiro- Komiti inokwanisa kunyora ichiratidza mhando yenhaka inenge iri kutaurwa nezvayo paMuunganidzwa wataurwa nezvawo mundima1, ichinzwawo pfungwa dzeNyika Yakapinda muChibvumirano Chino ine chekuita nenyaya iyi.

### Chikamu 18- Zvirongwa, mapurojekiti uye mabasa ekuedza kuchengetedza nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki

1. Pachitariswa mashoko akaturirwa neNyika Dzakapinda muChibvumirano Chino, uye pachitevedzwa nzira dzichatsanangurwa neKomiti uye dzichabvumirwa kushanda zviri pamutemo neSangano Rinoona neZvemashandiro eChibvumirano Chino, Komiti ichagara ichisarudza panguva dzakatarwa pamwe nekukurudzira zvirongwa, mapurojekiti uye mabasa anoitwa nenyika pachezvayo, nenyika dzinoumba chikamu chedunhu kana nyika dzemudunhu rimwe chete ekuchengetedza nhaka iyo yainoona kuti inonyatsoratidza zvinangwa zveChibvumirano Chino, pachitariswa zvinhu zvinodiwa nenyika dzichiri kusimukira zvinoenderana nezvimiro zvadzo.
2. Nekuda kwaizvozvo, ichatambira, kuongorora pamwe nekubvuma zvichemo zvinenge zvabva kuNyika Dzakapinda muChibvumirano Chino zvekukumbira rubatsiro rwunopiwa nyika dzakasiyana-siyana.
3. Komiti ichaona kuti mapurojekiti aya, zvirongwa izvi uye mabasa aya aitwa pamwe chete nekuzivisa mashoko enzira dzinoshanda zvakanaka pachishandiswa nzira dzaichabuda nadzo.

## V. Kushandira pamwe kwenyika dzakasiyana-siyana nekubatsirana

### Chikamu 19- Kushandira pamwe

1. MuChibvumirano Chino, kushandira pamwe kwenyika kunosanganisira, pakati pezvimwe, kupanana mashoko uye mashoko ezvakasanganikwa nazvo, kushanda pamwe muzvirongwa, uye kuumba nzira yekubatsira Nyika Dzakapinda muChibvumirano Chino mumabasa adzo ekuedza kuchengetedza nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki.

2. Pasina kukanganiswa kwezvisungo zvemitemo yenyika uye mitemo yetsika nemagariro evanhu venzvimbo/nyika, Nyika Dzakapinda muChibvumirano Chino dzinocherechedza kuti kuchengetedza nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki chinhu chakakosha kuvanhu, nekudaro dzinozvipira kushanda

pamwe/kudyidzana neimwe nyika, kushanda nedzimwe nyika dzinoumba chikamu chedunhu, kushanda nedzimwe nyika dziri mudunhu, uye kushanda pamwe nenyika dzakasiyana-siyana.

## Chikamu 20- Zvinangwa zverubatsiro rwunopiwa kunyika dzakasiyana-siyana

Rubatsiro runopiwa kunyika dzakasiyana-siyana rwunogona kupirwa zvinangwa zvinotevera:

a. kuchengetedza nhaka yakanyorwa muMuunganidzwa weNhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki Inoda Kuchengetedzwa Nekukurumidza;

b. kugadzirwa kwemagwaro anoratidza uwandu hwezvinhu sezvakanyorwa muZvikamu 11 ne12;

c. kutsigira zvirongwa, mapurojekiti uye mabasa anenge achiitwa nenyika, nechikamu chenyika dziri mudunhu kana nenyika dzinoumba dunhu rese zvakanangana nekuchengetedza nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki;

d. chero chimwewo chinangwa chinenge chaonekwa neKomiti sechakakosha.

## Chikamu 21: Mhando dzerubatsiro runopiwa kunyika

Rubatsiro runopiwa neKomiti kuNyika Yakapinda muChibvumirano Chino runopiwa pachitariswa nzira dzemashandiro dzakagara dzaonekwa muChikamu 7 uye nechitenderano chiri kutaurwa nezvacho muchikamu 24, uye rwunogona kutora mhando dzinotevera:

a. tsvagurudzo yepamusoro pezvinhu zvakasiyana-siyana zvekuchengetedza;

b. kuwaniswa kwenyanzvi uye vanokwanisa kuita basa;

c. kudzidziswa mabasa kwevese vakakodzera vanoshanda mumabasa aya;

d. kutsanangurwa zviri pachena kwezvinotarisirwa kuitwa uye mamwe matanho;

e. kuumbwa pamwe chete nekukwanisa kushandisa zvinhu zvinodiwa pakuitwa kwebasa;

f. kuwaniswa kwezvekushandisa pamwe chete neruzivo;

g. Dzimwe nzira dzerubatsiro rwezvemari kana ruzivo, kusanganisira pese pazvakafanira, kuwaniswa kwezvikwereti zvisingadi kudzorerwa zvabereka mari yakawanda uye zvinhu zvekupiwa pachena.

## Chikamu 22- Zvinhu zvinotariswa kuti pazopiwa rubatsiro runopiwa kunyika dzakasiyana-siyana

1. Komiti ichaumba nzira dzekuongorora zvikumbiro zverubatsiro, uye ichanyatsotsanangura zvinofanira kuiswa mumagwaro ekukumbira rubatsiro, zvakaita sematanho anotarisirwa kutorwa uye nzira dzekugadzirisa dambudziko dzinodiwa, pamwe chete neongororo yemari dzinodiwa pakuita izvi.

2. Kana paine matambudziko anoda kukurumidza kugadziriswa, zvikumbiro zvekutsvaga rubatsiro zvichaongororwa neKomiti nekukurumidza.

3. kuti ikwanise kuita sarudzo, Komiti ichaita tsvagurudzo kana kutsvaga mazano kubva kwakasiyana-siyana sezvaingaona zvakakodzera.

## Chikamu 23- Zvikumbiro zvekutsvaga rubatsiro runopiwa nyika dzakasiyana-siyana

1. Nyika Yakapinda muChibvumirano Chino yega yega inokwanisa kukumikidza kuKomiti chikumbiro chekukumbira rubatsiro rwekuchengetedza nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki inowanikwa mumatunhu ayo.

2. Chikumbiro cherudzi urwu chinokwanisa kukumikidzwa neNyika imwe chete kana mbiri.

3. Chikumbiro ichi chinofanira kuti chisanganise mashoko akatsanangurwa muChikamu 22, ndima 1, pamwe chete nemagwaro anodiwa.

### Chikamu 24- Basa reNyika Dzakapinda muChibvumirano Chino dzinenge dzichiwaniswa rubatsiro

1. Pachitevedzwa zvisungo zveChibvumirano Chino, rubatsiro runopiwa kunyika ruchange rwuchipiwa pachitariswa chibvumirano chichapindwa pakati peNyika Dzakapinda muChibvumirano Chino dzinenge dzichiwaniswa rubatsiro neKomiti.

2. Semutemo unobata zvinhu zvakawanda, Nyika Yakapinda muChibvumirano Chino inenge iri kuwaniswa rubatsiro inofanira, zvichibva nemari nezvekushandisa zvainenge iinazvo, kuisawo mari yayo pachikamu chematanho ekuchengetedza anenge achipirwa rubatsiro neKomiti.

3. Nyika Yakapinda muChibvumirano Chino inenge iri kuwaniswa rubatsiro inofanira kukumikidza kuKomiti mashoko anotsanangura mashandisiro ayakaita rubatsiro rwayakawaniswa rwekuchengetedza nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki.

## VI. Homwe yeNhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki

### Chikamu 25- Mamiriro uye zviri muHomwe iyi

1. ‘Homwe yeKuchengetedza Nhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki’, ichadaidzwa kunzi ‘Homwe’ ichaumbwa.

2. Homwe iyi ichange iine mari dzakachengetedzwa dzesangano dzakaumbwa sezvinotsanangurwa neMitemo yezveMari yeUNESCO.

3. Mari ichange iri muHomwe iyi ichange iri:

a. mari inobviswa neNyika Dzakapinda muChibvumirano Chino;

b. Mari ichange yaunganidzwa kuitira basa iri neMusangano Mukuru Unobata Nyaya Dzakasiyana-siyana weUNESCO;

c. Mari inobviswa, zvipo kana mari inosiya yagovewa nevanhu vanenge vafa zvinokwanisa kuitwa:

(i) nedzimwe Nyika;

(ii) nemasangano pamwe chete nezvirongwa zvemumashandiro esangano re*United Nations*, kunyanya chikamu chinonangana nezvirongwa zvebudiriro che*United Nations Development Programme*, pamwe chete nemamwe masangano anoshandira munyika dzakasiyana-siyana;

(iii) nemasangano ehurumende kana akazvimirira ega kana vanhuwo zvavo;

d. nemari chero ipi zvayo inenge yabereka yemuHomwe iyi;

e. nemari inenge yawanikwa panenge paitwa makungano anenge akananga kubatsiridza kukura kweHomwe iyi;

f. nedzimwe mari dzinenge dzabvumidzwa nemitemo yekushanda kweHomwe iyi, iyo ichagadzirwa neKomiti.

4. Kushandiswa kwemari neKomiti kunotsvagwa kuti ndekupi pachitariswa mitemo yakadzikwa neSangano Rinoona neZvemashandiro eChibvumirano Chino.

5. Komiti inokwanisa kutambira mari inenge yabviswa kana imwe mhando yerubatsiro rwusina kutsanangurwa kuti rwuchashanda pane zvipi kana rwakanyatsotsanangurwa kuti rwuchashandiswa sei zvine chekuita nemapurojekiti akatsanangurwa, kana chete mapurojekiti iwayo akabvumiwa neKomiti

6. Hapafaniri kuva nezvematongerwo enyika, zveupfumi kana zvimwe zvisingafambirani nezvinangwa zveChibvumirano Chino zvinotorwa sezvine chekuita nemari dzinobviswa dzichiiswa kuHomwe iyi.

## Chikamu 26- Mari Dzinobviswa neNyika Dzakapinda Muchibvumirano Chino kuHomwe

1. Pasingadi kukanganiswa mari dzinenge dzabviswa zvekuzvipira, Nyika Dzakapinda muChibvumirano Chino dzinosungirwa kubvisa mari inoiswa kuHomwe, mukati memakore maviri ega ega, mari ine zvikamu zvakangofanana kubva muzana kunyika dzese, iyo ichazoonekwa kuti imari neSangano Rinoona neZvemashandiro eChibvumirano Chino. Zvinenge zvadzikwa neSangano Rinoona neZvemashandiro eChibvumirano Chino ndizvo zvichatorwa neNyika Dzakapinda muChibvumirano Chino dzinenge dziripo uye kuvhota kunenge kusinei nekudzikwa kwemashoko kunotaurwa nezvako mundima 2 yeChikamu chino. Hapana panofanira kuti mari inobviswa neNyika Yakapinda muChibvumirano Chino ipfuure chikamu chimwe chete kubva muzana chemari yainofanirwa kubvisa nguva nenguva kuhomwe yekushandiswa kwemari yemazuva ese yesangano reUNESCO.

2. Kunyange zvazvo zvakadaro, Nyika yega yega iri kutaurwa nezvayo muchikamu 32 kana muChikamu 33 cheChibvumirano Chino inokwanisa, panguva yainenge ichiisa zvinhu zvayo zvainoshandisa pakuongorora, kutambira, kupa mvumo kana kubvumira kuti chinhu chitange kushanda, kutaura kuti haizosungwi nezvisungo zvendima 1 yeChikamu chino.

3. Nyika Yakapinda muChibvumirano Chino inenge yataura paimire sekutsanangurwa kwazvo mundima 2 yeChikamu chino ichaedza kudzima mashoko aya ichi kuburikidza nekuzivisa Mukuru mukuru weUNESCO. Kunyange zvakadaro, kubviswa kwemashoko aya hakukanganisi kubviswa kwemari neNyika kusvika zuva rekuvhurwa kwemusangano unotevera weSangano Rinoona neZvemashandiro eChibvumirano Chino rasvika.

4. Kuitira kuti Komiti ikwanise kuronga mafambisiro ebasa rayo nemazvo, mari inobviswa neNyika Dzakapinda muChibvumirano Chino iyo yataurwa nezvayo mundima 2 yeChikamu chino inofanira kugara ichibhadharwa panguva dzakatarwa, mukati memakore maviri kana kupfuura, uye inofanira kuva pedyo chaizvo nechikwereti chadzaifanira kunge dziinacho chemari dzainosungirwa kubvisa dai kuri kuti dzanga dzichibatwa nezvisungo zvendima 1 yeChikamu chino.

5. Nyika Yakapinda muChibvumirano Chino yega yega inenge ine chikwereti chemari yainosungirwa kubhadhara kana yainozvipira kubhadhara pagore iroro uye mukati memazuva mazana matatu nemakumi matanhatu nemashanu anenge achangopfuura haikodzeri kuva Nhengo yeKomiti; ichi chisungo hachibati pasarudzo yekutanga. Nguva yekubata chinzvimbo yeNyika yakadai inenge yagara iri Nhengo yeKomiti inopera panoperera kuitwa sarudzo dzinotsanangurwa muChikamu 6 cheChibvumirano Chino.

### Chikamu 27- Dzimwe mari dzinobviswa neNyika nekuzvipira kwadzo kuHomwe

Nyika Dzakapinda muChibvumirano Chino dzinenge dzichida kubvisa mari yekuzvipira pamusoro peiyo yakatsanangurwa muChikamu 26 dzinofanira kuzivisa Komiti, nekukurumidza, kuitira kuti ikwanise kuronga mafambisiro emabasa ayo zvakafanira.

### Chikamu 28- Nzira dzekutsvaga mari yekubatsira Nyika dzakasiyana-siyana

Nyika Dzakapinda muChibvumirano Chino dzichafanira, nepese padzinogona, kupa rutsigiro rwadzo kunzira dzekutsvaga mari yekubatsira nyika dzakasiyana-siyana dzinenge dzarongwa kuti dzigone kuunganidza mari yeHomwe pasi pesangano reUNESCO.

## VII. Mashoko Anoturirwa

### Chikamu 29- Mashoko anoturirwa neNyika Dzakapinda muChibvumirano Chino

Nyika Dzakapinda muChibvumirano Chino dzichafanira kuzoturira kuKomiti, dzichicherechedza mhando uye urefu hwenguva ichatsanangurwa neKomiti, mashoko ari pamusoro pematanho ezvemitemo nemamwewo matanho akatorwa mukuedza kutevedza Chibvumirano Chino.

### Chikamu 30- Mashoko anoturirwa neKomiti

1. Ichishandisa mabasa uye mashoko anenge aturwa neNyika Dzakapinda muChibvumirano Chino izvo zvatsanangurwa muChikamu 29, Komiti ichafanira kuturira mashoko kuSangano Rinoona neZvemashandiro eChibvumirano Chino pese parinoitira misangano yaro.

2. Mashoko aya anosungirwa kuti aziviswe kuMusangano Mukuru Unobata Nyaya Dzakasiyana-siyana weUNESCO.

## VIII. Chikamu chinoratidza shanduko

### Chikamu 31- Ukama neTsananguro yeZvinhu Zvakanakisisa Zvinoita Zvekutaurwa uye Nhaka yezveMuupenyu hweVanhu yeZvinhu Zvisingabatiki

1. Komiti inofanira kuwedzerawo muMuunganidzwa weNhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki zveMuupenyu hweVanhu zvinhu zvakatsanangurwa seZvinhu Zvakanakisisa Zvinoita zveKutaurwa uye Nhaka yezveMuupenyu hweVanhu Isingabatiki' Chibvumirano Chino chisati chatanga kushanda.

2. Kupinzwa kwezvinhu izvi muMuunganidzwa weNhaka yezvetsika nemagariro evanhu zvisingabatiki zveMuupenyu hweVanhu hakufaniri kana nepadiki pese kukanganisa nzira dzinotariswa pakuwedzerwa kwezvinhu mune ramangwana izvo zvinoitwa sezvinotsanangurwa muChikamu 16, ndima 2.

3. Hapana imwe Tsananguro inofanira kuzoitwa mushure mekutanga kushanda kweChibvumirano Chino.

## IX. Zvikamu zvekupedzisira

### Chikamu 32- Kubvumira, kutambira kana kupa mvumo

1. Chibvumirano Chino chinofanira kuti chibvumidzwe kuti chishandiswe, chitambirwe kana kuti chipiwe mvumo neNyika Dzinenge Dziri Nhengo dzeUNESCO pachitevedzwa mafambisirwo emitemo yemumabumbiro enyika yega yega.

2. Zvinhu zvinoshandiswa pakubvumira kuti Chibvumirano Chino chishandiswe, kuchitambira kana kupa mvumo zvinofanira kukumikidzwa kuMukuru mukuru weUNESCO.

## Chikamu 33- Kutanga kushanda

1. Chibvumirano Chino chinofanira kupiwa simba rekutanga kushanda neNyika dzese kwete Nyika Dziri Nhengo dzeUNESCO dzinenge dzakokwa neMusangano Mukuru Unobata Nyaya Dzakasiyana-siyana weUNESCO kuti dzipe mvumo yekuti chitange kushanda.

2. Chibvumirano Chino chinokwanisawo kupiwa mvumo yekutanga kushanda nematunhu ane hutungamiriri hwawo sezvinocherechedzwa nesangano re*United Nations*, asi asina kuwana kuzvitonga kuzere sezvinotsanangurwa mu*General Assembly resolution 1514 (XV),* uye aine ruzivo pamusoro pezvinhu zviri pasi peChibvumirano Chino, kusanganisira ruzivo rwekupinda muzvibvumirano zviri pamusoro pezvinhu izvozvo.

3. Zvinhu zvinoshandiswa pakubvumira kuti Chibvumirano Chino chitange kushanda zvinofanira kukumikidzwa kuMukuru mukuru weUNESCO.

## Chikamu 34- Kutanga kuva nesimba

Chibvumirano Chino chichatanga kuva nesimba mushure memwedzi mitatu kubva pazuva rinenge rakumikidzwa chinhu chechimakumi matatu chekubvumira kuti chishande, kutambira, kupa mvumo kana kupa simba rekuti chitange kushanda, asi izvi zvichangoitwa chete kuNyika dzinenge dzakumikidza zvinhu zvadzo zvadzinoshandisa pakubvumira kuti chishande, pakutambira, pakupa mvumo, kana kupa simba rekuti chibvumirano chitange kushanda zuva iroro kana kuti zuva iri risati rasvika. Chichatanga kushanda kune imwewo Nyika Yakapinda muChibvumirano Chino mushure memwedzi mitatu kana yangokumikidza zvainoshandisa pakubvumira kuti chishande, kuchitambira, kupa mvumo nekupa simba rekuti chikwanise kutanga kushanda.

## Chikamu 35- Nyika dzine utongi hwemapazi akawanda asiri pasi pehurumende imwe chete

Zvisungo zvinotevera zvakanangana neNyika Dzakapinda muChibvumirano Chino dzine utongi hwemapazi akawanda asiri pasi pehurumende imwe chete:

a. maringe nezvisungo zveChibvumirano Chino, kutevedzwa kwezvisungo zvacho kuchange kuri pasi pemitemo yenyika ine mapazi akawanda asiri pasi pehurumende imwe chete kana kuti ine mapazi akawanda asi ari pasi pehurumende imwe chete, zvinofanirwa kuitwa nehurumende yenyika ine mapazi akawanda asiri pasi pehurumende imwe chete kana hurumende inotonga nyika yese zvichange zvakafanana nezveNyika Dzakapinda muChibvumirano Chino dzisina mapazi akawanda asiri pasi pehurumende imwe chete.

b. takanangana nezvisungo zveChibvumirano Chino, mashandisirwo acho anoitwa zviri pasi pemitemo yeNyika yega yega yakapinda muchibvumirano ichi, matunhu emunyika ayo asingasungirwi nemutemo wekutongwa kwenyika ine mapazi akawanda asiri pasi pehurumende imwe chete kuti atore matanho emutemo, hurumende yenyika ine mapazi asiri pasi pehurumende imwe chete inosungirwa kuzivisa vatungamiriri vanoshanda zvakanaka veNyika idzi, matunhu aya pamusoro pezvisungo izvi, nepfungwa dzayo dzekuti vagone kuitambira nekuishandisa.

## Chikamu 36- Kupikisa zviri pachena nekuratidza panenge paine zvisina kunaka

1. Nyika Yakapinda muChibvumirano Chino yega yega inokwanisa kupikisa zviri pachena Chibvumirano Chino ichiratidza panenge paine zvisina kunaka.

2. Kupikisa pachiratidzwa pasina kunaka uku kunofanira kuziviswa kuburikidza nekunyora pasi chinhu chinoshandiswa pakuita izvi icho chinokumikidzwa kuMukuru mukuru weUNESCO.

3. Kupikisa uku kunoratidza pasina kunaka kunozotanga kushanda mushure memwedzi gumi nemiviri kubva panenge patambirwa chinhu chinoshandiswa pakupikisa zviri

pachena pachiratidzwa pasina kunaka. Hakukanganisi kana nepadiki pese kubviswa kwemari dzinosungirwa Nyika Yakapinda muChibvumirano Chino iri kupikisa ichiratidza pasina kunaka kusvika zuva rinozonzi nyika iyi yabuda muChibvumirano Chino.

## Chikamu 37- Basa rekuchengeta Chibvumirano Chino

Mukuru mukuru weUNESCO, seMuchengeti weChibvumirano Chino, anosungirwa kuzivisa Nyika Dziri Nhengo dzeSangano, Nyika dzisiri Nhengo Dzesangano dzinotaurwa nezvadzo muChikamu 33, pamwe chete nesangano re*United Nations*, nezvekukumikidzwa kwezvinoshandiswa pakubvumira kuti chibvumirano chishande, kuchitambira, kupa mvumo kana kupa simba rekuti chitange kushanda zvinotsanangurwa muChikamu 32 ne33, pamwe chete nezvinoshandiswa pakupikisa pachiratidzwa zvisina kunaka sezvinotsanangurwa muChikamu 36.

## Chikamu 38- Gadziridzo

1. Nyika Yakapinda muChibvumirano Chino inokwanisa, kuburikidza nekunyorera kuMukuru mukuru, kupa pfungwa dzayo dzepainoona kuti panoda kugadziriswa muChibvumirano Chino. Mukuru mukuru achafambisa mashoko aya kuNyika Dzakapinda Muchibvumirano dzese. Kana nyika dzisingapfuuri chikamu chepakati nepakati cheNyika Dzakapinda muChibvumirano Chino dzikapindura dzichibvumirana nechikumbiro ichi mukati memwedzi mitanhatu kubva zuva rafambiswa mashoko aya, Mukuru mukuru anozoturira chikumbiro ichi pamusangano unenge uchitevera weSangano Rinoona neZvemashandiro eChibvumirano Chino kuti chikurukurwe nekukwanisa kutambirwa.

2. Gadziridzo dzinofanirwa kutsigirwa nezvikamu zviviri kubva muzvitatu zveNhengo Dzakapinda muChibvumirano Chino dzinenge dziripo uye dzinenge dzavhota.

3. Kana zvangotsigirwa chete, gadziridzo dzeChibvumirano Chino dzinofanira kukumikidzwa kuNyika Dzakapinda muChibvumirano Chino kuti dzikwanise kubvumiwa, kutambirwa, kupiwa mvumo kana kupiwa simba rekuti dzikwanise kutanga kushanda.

4. Gadziridzo dzinofanira kuzotanga kuva nesimba, kune Nyika Dzakapinda muChibvumirano Chino chete dzinenge dzabvumira, dzatambira nekupa mvumo kwazviri kana kupa simba

rekuti dzitange kushanda, mushure memwedzi mitatu kubva panenge pakumikidzwa zvinoshandiswa izvo zvakatsanangurwa mundima 3 yeChikamu chino nezvikamu zviviri kubva muzvitatu zveNyika Dzakapinda muChibvumirano Chino. Kubvira ipapo, panyika Yakapinda muChibvumirano Chino yega yega inenge yabvumira gadziridzo, yaitambira, yaipa mvumo kana kuipa simba rekuti itange kushanda, gadziridzo yacho ichatanga kushanda mushure memwedzi mitatu kubvira zuva rinokumikidzwa neNyika Yakapinda muChibvumirano Chino zvainoshandisa pakubvumira, pakutambira, pakupa mvumo kana pakupa simba rekuti itange kushanda.

5. Danho rakatsanangurwa mundima 3 ne4 harizoshandiswi pakugadzirisa Chikamu 5 panyaya yeuwandu hweNyika Dzinenge Dziri Nhengo yeKomiti. Gadziridzo idzi dzichatanga kushanda panguva yadzinenge dzatambirwa.

6. Nyika inenge Yapinda muChibvumirano Chino mushure mekutanga kushanda kwegadziridzo pachitevedzwa zvinotsanangurwa mundima 4 yeChikamu chino, kana isina kuratidza kuti inopikisana nazvo, inofanira kutambirwa:

a. seChikamu cheChibvumirano Chino sekugadziriswa kwazvinenge zvaitwa; uye

b. seChikamu cheChibvumirano chisina kugadziriswa pachitariswa chero ipi zvayo Nyika Yakapinda muChibvumirano Chino isiri kubatwa negadziridzo idzi.

## Chikamu 39- Magwaro achange aine simba

Chibvumirano Chino chakanyorwa mumitauro inoti Arabic, Chinese, English, French, Russian neSpanish. Magwaro ari mumitauro mitanhatu iyi ane simba rakaenzana.

## Chikamu 40- Kunyoreswa

Nechinangwa chekutevedza Chikamu 102 cheMitemo wesangano re*United Nations*, Chibvumirano Chino chichanyoreswa kuChikamu chaMabharani we*United Nations* kana paiswa chikumbiro neMukuru mukuru weUNESCO.

United Nations
Educational, Scientific and
Cultural Organization

Intangible
Cultural
Heritage

Government of Zimbabwe ©2019